Memorial Sloan Kettering Cancer Center

EDIKASYON PASYAN AK MOUN K AP BAY SWEN


Sou Katetè Wouj Ou

Enfòmasyon sa a eksplike kisa yon katetè wouj ye ak kijan yo mete l. Li gen tou direktiv jeneral pou pran swen katetè wouj ou nan kay la. Yon katetè wouj se yon kalite katetè venè sentral (CVC).

Sou Katetè Wouj Yo

Yon katetè wouj se yon tib fleksib ki antre nan yon venn nan kò ou. Gen plizyè kalite katetè wouj ki diferan. Doktè ou ap deside ki kalite ki pi bon pou ou.

Tout katetè wouj yo pase nan kò ou epi yo ale nan yon gwo venn toupre kè ou (gade Figi 1).



Imaj 1. Katetè Wouj

Katetè a divize an 1, 2, oswa 3 lumens (ti tib andedan) deyò kò ou. Chak lumen gen ladan:

- Yon klema.
- Yon konektè san zeg (yo rele l clave tou).
- Yon kapa dezenfektan nan pwent li.

Gen yon katetè wouj kapab ede ou pou ou pa bezwen fè anpil piki ak zeg. Li kapab itilize pou:

- Prann echantiyon san.
- Bay likid.
- Bay kemoterapi ak lòt tretman kansè, tankou CAR-T ak transplantasyon moel.

- Bay medikaman ak nutritif intraveineux (IV).
- Bay transfizyon san.

Yon katetè wouj kapab rete nan kò ou pou semèn, mwa, oswa menm ane. Doktè ou pral retire l lè ou pa bezwen l ankò.

Ou pral fè yon pwosedi pou mete katetè wouj ou. Enfimyè ou pral di ou kijan pou prepare w pou pwosedi ou. Yo pral anseye ou tou kijan pou swen katetè wouj ou apre pwosedi ou. Li kapab itil pou gen yon moun ki priz responsabl, manm fanmi, oswa zanmi aprann avèk ou.

Plizyè moun kapab fè aktivite nòmal ak yon katetè wouj, tankou travay, lekòl, aktivite seksyèl, douche, ak egzèsis lege. Pale ak doktè ou oswa enfimyè ou sou ki aktivite ki an sekirite pou fè anvan ou komanse yo.

Evite espò kontak, tankou foutbol ameriken ak foutbol. Evite senk yon katonèt nan dlo, tankou naje nan pisin oswa lanmè, pandan katetè a rete nan plas li.

Kisa pou w fè anvan pwosedi ou a

Poze kesyon sou medikaman ou yo

Ou ka bezwen sispann pran kèk nan medikaman abityèl ou yo anvan pwosedi a. Sinon, ou ka bezwen pran yon dòz (kantite) diferan pase nòmal. Pale avèk pwofesyonèl swen

sante w la sou fason pou w pran medikaman w yo anvan pwosedi w la. Pa chanje fason w pran medikaman w yo san ou pa pale avèk yon pwofesyonèl swen sante.

Seksyon sa a bay kèk egzanp medikaman, men genyen anpil lòt. **Asire w ekip swen w la konnen tout medikaman preskripsyon, medikaman san preskripsyon, ak sipleman alimantè w ap pran.** Yon medikaman sou preskripsyon se yon medikaman ou ka jwenn sèlman avèk yon preskripsyon nan men yon pwofesyonèl swen sante. Yon medikaman yo vann san preskripsyon vle di ou pa bezwen yon preskripsyon doktè pou achte l.



Li trè enpòtan pou w pran medikaman ak sipleman w yo nan bon fason an nan jou ki vini anvan pwosedi w la. Si w pa fè sa, nou ka oblije ranvwaye pwosedi w la.

Antikowagilan (medikaman ki fonn san)

Yon antikowagilan se yon medikaman ki chanje kijan san ou kaye. Yo souvan preskri antikowagilan pou ede prevni kriz kadyak, estwok, ak lòt pwoblèm ke sa ka koze lè san an kaye.

Si w ap pran yon antikowagilan, mande pwovizè swen sante ou a kisa pou w fè anvan pwosedi w la. Yo kapab di w pou sispann pran li yon sèten nonm jou anvan pwosedi ou a. Sa pral depann de ki tip pwosedi ou pral fè a, ak rezon w ap

prann antikowagilan an.

Men kèk egzanp antikowagilan. Genyen lòt, kidonk asire w ke ekip swen sante w la konnen tout medikaman w ap pran yo. **Pa sispann pran antikowagilan ou an san ou pa pale ak yon manm ekip swen sante w la.**

- Apikzaban (Eliquis®)
- Aspirin
- Selekoksib (Celebrex®)
- Silostazòl (Pletal®)
- Clopidogrèl (Plavix®)
- Dabigatran (Pradaxa®)
- Dalteparin (Fragmin®)
- Dipiridamòl (Persantine®)
- Edokzaban (Savaysa®)
- Enokzaparin (Lovenox®)
- Fondapariniks (Arixtra®)
- Enjeksyon Heparin (piki)
- Meloksikam (Mobic®)
- Medikaman anti-enflamatwa ki pa gen estewoyid (NSAID yo), tankou ibipwofèn (Advil®, Motrin®), ak napwoksèn (Aleve®)
- Pentoksifilin (Trental®)
- Prasigrèl (Effient®)
- Rivawoksaban (Xarelto®)
- Silfasalazin (Azulfidine®, Sulfazine®)
- Tikagrelò (Brilinta®)
- Tinzaparin (Innohep®)
- Wafarin (Jantoven®, Coumadin®)

Lòt medikaman ak sipleman kapab chanje fason san ou kaye a. Nou gen pa egzanp vitamin E, lwil pwason, ak medikaman anti-enflamatwa ki pa genyen estewoyid ladan yo (NSAID yo). Li *How To Check if a Medicine or Supplement Has Aspirin, Other NSAIDs, Vitamin E, or Fish Oil* (www.mskcc.org/cancer-care/patient-

education/common-medications-containing-aspirin-and-other-nonsteroidal-anti-inflammatory-drugs-nsaids). L ap ede w konnen ki medikaman ak sipleman ou dwe evite anvan pwosedi w la.

Medikaman pou dyabèt

Ou gen kapab pran ensilin oswa lòt medikaman pou dyabèt yo. Si se konsa, pale ak pwofesyonèl swen sante MSK ou a, ansanm ak pwofesyonèl swen sante ki preskri li a. Mande yo kisa pou fè anvan operasyon oswa pwosedi w ou an. Ou ka bezwen sispann pran medikaman an oswa pran yon dòz (kantite) diferan ke dabitid. Ou ka bezwen swiv diferan enstriksyon tou sou sa w ap manje e bwè anvan operasyon oswa pwosedi w la. Suiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante w la.

Ekip swen w lan ap kontwole nivo sik nan san ou pandan operasyon oswa pwosedi w la.

Medikaman GLP-1 pou pèdi pwa

Li enpòtan pou di pwofesyonèl swen sante w la si w ap pran medikaman GLP-1 an. Ou dwe swiv yon rejim manje espesyal ak enstriksyon bwè anvan operasyon oswa pwosedi w la. **Li enpòtan anpil pou w suiv enstriksyon sa yo. Si w pa swiv yo, yo ka voye operasyon w oswa pwosedi w lan nan yon lòt dat oswa anile l.**

- **Swiv yon rejim likid klè lavèy jou operasyon oswa**

pwosedi w lan. Pa manje okenn manje solid. Li *Clear Liquid Diet* (www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/clear-liquid-diet) pou w aprann plis.

- **Sispann bwè likid 8 èdtan anvan ou rive.** Pa manje ni bwè anyen aprè fwa sa a, sa enkli ladan l likid klè. Ou ka pran ti gout dlo avèk medikaman w yo.

Pou w aprann plis, li *Eating and Drinking Before Your Surgery or Procedure When Taking GLP-1 Medicines* (www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/eating-and-drinking-before-your-surgery-or-procedure-when-taking-glp-1-medicines).

Men kèk egzanp medikaman GLP-1. Genyen lòt, kidonk asire w ke ekip swen sante w la konnen tout medikaman w ap pran yo. Pafwa, yo konn preskri medikaman sa yo pou ede jere dyabèt oswa lòt maladi. Lòt fwa, yo konn preskri yo pou pèdi pwa.

• Semaglitid (Wegovy®, Ozempic®, Rybelsus®) • Dilaglitid (Trulicity®)	• Tirzepatid (Zepbound®, Mounjaro®) • Liraglitid (Saxenda®, Victoza®)

Diurétik (pil dlo)

Yon diurétik se yon medikaman ki ede kontwole akimilasyon likid nan kò ou. Diurétik yo souvan yo preskri yo pou ede trete lpertension (presyon san ki wo) oswa

Edema (anfleman). Yo kapab tou yo preskri yo pou ede trete sèten pwoblèm kadyak oswa ren.

Ou ka pran yon diurétik. Si sa vre, pale ak pwovizè swen sante ou ki ap fè pwosedi ou a epi mande li ki sa w ap fè anvan pwosedi ou. Ou ka bezwen sispann pran li jou a nan pwosedi ou a.

Men kèk egzanp diurétik. Genyen lòt, kidonk asire w ke ekip swen sante w la konnen tout medikaman w ap pran yo.

• Bumetanid (Bumex®) • Furosémide (Lasix®)	• Idroklorotiazid (Microzide®) • Spironolacton (Aldactone®)

Retire aparèy yo sou po ou

Yo gendwa mete kèk aparèy sou po ou. Anvan pwosedi, operasyon oswa eskanè ou a, kèk fabrikan aparèy rekòmande w pou retire sou ou:

- Glikomèt pèmanan (continuous glucose monitor, CGM)
- Ponp ensilin

Pale avèk pwofesyonèl swen sante w la sou fason pou pran randevou w la pou l ka pi pre dat ou bezwen chanje aparèy ou a. Asire w ke ou pote yon aparèy adisyonèl avè w pou mete sou ou aprè pwosedi, operasyon oswa eskanè ou a.

Ou ka pa asire sou kòman pou jere glikoz ou (sik nan san w) pandan aparèy ou a pa sou ou. Si se sa, anvan randevou w

la, pale avèk pwofesyonèl swen sante k ap jere dyabèt ou a.

Fè aranjman pou yon moun mennen ou lakay ou

Ou dwe genyen yon moun ki responsab laswenyay ou ki pou mennen ou lakay ou apre pwosedi w la. Yon moun ki responsab laswenyay ou se yon moun ki kapab ede ou ale lakay ou san danje. Li ta dwe an mezi pou li kontakte ekip swen w lan si li genyen nenpòt pwoblèm. Asire ou planifye sa anvan jou pwosedi w la rive.

Si ou pa gen yon moun ki responsab laswenyay ou ki pou mennen ou lakay ou, rele youn nan ajans anba yo. Yo ap voye yon moun ale lakay ou avèk ou. Yo mande yon frè pou sèvis sa a, epi ou ap oblije bay mwayen transpò. Pa gen pwoblèm pou w pran yon taksi oswa itilize sèvis machin, men ou ap toujou bezwen yon moun ki responsab laswenyay avèk ou.

Ajans nan New York yo

VNS Health: 888-735-8913

Caring People: 877-227-4649

Ajans nan New Jersey yo

Caring People: 877-227-4649

Di nou si w malad

Si w vin malad (ak lafyèv, gri, mal de gòj, oswa gri) anvan

pwosedi ou a, rele doktè IR ou a. Ou kapab kontakte yo lendi jiska vandredi soti 9è nan maten jouk 5è nan apremidi.

Apre 5è nan aprèmidi, pandan wikenn, ak jou ferye, rele nan 212-639-2000. Mande pou rezidan radyoloji entèvansyonèl ki disponib lan.

Sonje lè randevou ou a

Yon manm ekip yo ap rele w 2 jou travay anvan pwosedi w. Si pwosedi w la pwograme pou yon jou lendi, y ap rele w nan jou jedi anvan an. Yo pral di w ki lè pou ou ale nan lopital pou pwosedi w. Yo ap raple w kote pou ale tou.

Si ou pa tande yon apèl nan mitan (12 p.m.) jou travay anvan pwosedi w, rele 646-677-7001. Si ou bezwen anile pwosedi w pou nenpòt rezon, rele pwovizè swen sante ki pwograme l pou ou.

Kisa pou w fè jou a anvan pwosedi ou a

Enstriksyon pou manje

Enpòtan Si ou pran medikaman GLP-1 an, pa swiv enstriksyon sa yo. Swiv enstriksyon nan *Eating and Drinking Before Your Surgery or Procedure When Taking GLP-1 Medicines* (www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/eating-and-drinking-before-your-surgery-or-procedure-when-taking-glp-1-medicines) pito.



Sispann manje a minwi (12è nan maten) lavèy nwit operasyon oswa pwosedi ou a. Ss enkli ladan l sirèt ak chiklèt.

Moun k ap ba w swen sante a kapab ba w plizyè enstriksyon sou kilè pou sispann manje. Nan ka sa a, swiv enstriksyon yo ba w yo. Gen kèk moun ki bezwen fè jèn (pa manje) pandan plis tan anvan operasyon oswa pwosedi yo an.

Kisa pou w fè jou pwosedi ou a

Enstriksyon pou bwè

Enpòtan Si ou pran medikaman GLP-1 an, pa swiv enstriksyon sa yo. Swiv enstriksyon nan *Eating and Drinking Before Your Surgery or Procedure When Taking GLP-1 Medicines* (www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/eating-and-drinking-before-your-surgery-or-procedure-when-taking-glp-1-medicines) pito.

Ant minwi (12è nan maten) epi de 2 èdtan anvan ou rive, bwè sèlman likid ki nan lis ki pi ba a. Pa manje ni bwè okenn lòt bagay. Sispann bwè likid de 2 èdtan anvan ou rive.

- Dlo.
- Ji pòm ki klè, ji rezen ki klè, oubyen ji krannberri ki klè
- Gatorade oubyen Powerade.
- Kafe nwa oubyen te senp. Se pa yon pwoblèm si w ajoute sik ladan l. Pa ajoute okenn lòt bagay ladan l.
    - Pa ajoute okenn kantite nan okenn kalite lèt oubyen krèm ladan l. Sa gen ladan l lèt ak krèm ki abaz plant yo.
    - Pa ajoute siwo ki bay gou.

Si ou soufri dyabèt, fè atansyon ak kantite sik ki nan bwason w ap bwè yo. Li ap pi fasil pou w kontwole nivo sik ki nan san ou si ou enkli vèsyon san sik, ba sik, oswa ki pa gen sik ajoute nan bwason sa yo.

Li bon pou ou rete idrate anvan operasyon ak pwosedi yo, kidonk bwè si ou swaf. Pa bwè depase. Y ap ba ou likid nan venn (nan venn) pandan operasyon oubyen pwosedi ou an.



Sispann bwè likid 2 èdtan anvan ou rive. Sa enkli ladan l dlo.

Moun k ap ba w swen an te kapab ba w plizyè enstriksyon sou kilè pou sispann bwè. Nan ka sa a, swiv enstriksyon yo ba w yo.

Bagay pou w sonje

- Pran sèlman medikaman yo ke doktè ou te di w pou pran jou maten ou ap fè pwosedi a. Pran yo avèk kèk ti gòje dlo.
- Pa mete krèm (hidratan epè) oswa vaselin (Vaseline®) nenkote sou kò ou.
- Pa mete makiyaj je.
- Retire nenpòt bijou ou gen sou ou, tankou pising ki nan kò ou.
- Pa mete krèm (hidratan epè) oswa vaselin (Vaseline®) nenkote sou kò ou.
- Si ou mete lense kontak, mete linèt ou olye, si ou kapab. Si ou pa gen linèt, pote yon etajè pou lense kontak ou.

Kisa pou ou pote avèk ou

- Medikaman pou pwoblèm nan respire, tankou inhalè, si ou pran yo.

- Medikaman pou doulè nan kò, si ou pran yo.
- Yon ka pou linèt ou oswa vè kontak ou.
- Fòm Pouvwa Reprezantan Santé ou ak lòt direktiv avanse, si ou fini yo.
- Machin CPAP oswa BiPAP ou si ou itilize youn. Si ou pa kapab pote ou an, nou pral ban ou youn pou itilize pandan w ap nan lopital la.

A kisa pou atann ou lè ou rive

Anpil manm pèsonèl la pral mande w pou di epi eple non w epi di dat ou fèt Se pou sekirite ou. Moun ki gen menm non yo oswa non ki sanble yo gendwa ap fè pwosedi yo menm jou a.

Wè avèk yon enfimyè

Ou pral wè avèk yon enfimyè anvan pwosedi w la. Di li dòz nenpòt medikaman ou te pran apre minui ak lè ou te pran yo. Asire w mete medikaman preskripsyon, medikaman san preskripsyon, patch, ak krèm yo.

Enfimyè w la ka mete yon liy pou sewòm nan youn nan venn ou yo (IV), jeneralman se nan bra w oswa men ou. Si enfimyè w la pa mete li, anestezis ou a ap fè li nan sal pwosedi a.

Yon manm ekip swen ou pral revize istwa medikal ou avèk ou pou prepare ou pou sedasyon (seh-DAY-shun).


Sedasyon se lè ou kalm, détann, oswa somnolan ak medikaman ou pral recevwa anvan pwosedi ou. Men sa l ap fè:

- Li ap mande si w te gen pwoblèm avèk sedasyon oparavan. Sa gen ladan l anvi vomi oswa doulè.
- Li ap pale avèk ou pou l konnen si w alèz epi an sekirite pandan pwosedi w la.
- Li ap pale avèk ou sou kalite sedasyon ou pral pran an.
- Li ap reponn kesyon ou genyen sou sedasyon an.

Andedan sal pwosedi a

Yon manm ekip swen ou pral ban ou yon enjeksyon (ti piki) anestezi lokal. Sa a se medikaman pou make zone kote yo pral mete katetè a nan po ou.

Yon fwa zòn yo make, doktè ou pral fè ti koupe (koupe chirijikal). Yo pral mete katetè a atravè koupe sou kò ou epi trennen l anba po ou jouk koupe nan baz kou ou. Apre sa, yo pral trese katetè a nan venn ou (wè Figi 2).



Imaj 2. Katetè trennen anba po ou, nan yon venn

Doktè ou pral itilize fluoroskopi (X-ray tan reyèl) oswa ekografi pou ede mete katetè a. Yo kapab ban ou yon enjeksyon kontras IV tou. Kontras la fè li pi fasil pou doktè ou wè zòn nan.

Doktè ou pral itilize fèy (points) pou fèmen koupe nan baz kou ou. Yo pral mete Steri-Strips™ (tep chirijikal) sou fèy yo. Apre sa, yo pral fixe katetè ou nan po ou nan kote li sòti nan kò ou (kote sòti a). Sa ap kenbe katetè a nan plas li.

Nan fen pwosedi ou, doktè ou pral mete yon panse gauz (bandaj) sou koupe sou kou ou. Yo pral mete yon panse Tegaderm™ tou sou kote sòti katetè ou.

Kisa pou w fè apre pwosedi ou a

Apre pwosedi ou, ekip swen ou pral pote ou nan chanm rekiperasyon. Ou pral oblije rete nan kabann jiskaske sedasyon an te pase. Apre sa, ou pral tounen nan chanm lopital ou oswa ou pral tounen lakay ak moun ki priz responsabl ou.

Ou kapab gen san vini, enkòmfòtab, oswa doulè nan kote sòti katetè ou. Li kapab dire jiska 3 jou apre katetè a te mete. Diskite ak pwovizè swen sante ou sou ki medikaman doulè ou ka pran an sekirite.

Si gen san vini nan kote sòti ou, aplike presyon ak yon frijit nan zòn nan. Fè enfimyè w la konnen si w genyen:

- San vini. Ekip swen ou kapab bezwen chanje panse ou.
- Doulè oswa enkòmfòbat ki vin pi mal.
- Nenpot nawsi (santi w tankou ou pral vomi).
- Nenpot semptom ki enpotan ou.

Pa pran douche pandan 24 èdtan apre pwosedi ou.

Kit Demisyon Katetè Wouj Ou

Enfimyè ou pral ban ou yon pakèt swen katetè ou anvan pwosedi ou oswa anvan ou kite lopital la. Yo pral eksplike kijan pou itilize kit la.

Kit demisyon an gen:

- 1 klema san dan
- 1 klema kanyola
- 2 Curos Jet™ tep sekirize
- 3 konektè san zeg
- 1 pakèt (10-pouce x 12-pouce) pwoteksyon dlo, tankou AquaGuard
- 2 panse Tegaderm (4-pouce x 6 1/8-pouce) san CHG
- 2 gant egzaminasyon nitril
- 10 pad alkòl
- 1 pakèt (4-onz) savon CHG 4% pou netwaye po a
- Kapa dezenfeksyon
- Nimewo telefòn biwo doktè ou ak ijans

Kenbe pakèt swen ou avèk ou nan tout tan. Ou pral bezwen l si katetè ou ap koule, oswa si panse Tegaderm ou oswa konektè san zeg ou chape oswa vin kraze.

Fason pou w pran swen kote sòti katetè ou a

Tegaderm dwe toujou sou kote sòti ou pandan katetè wouj ou ap rete nan plas li. Panse Tegaderm ede prevann enfeksyon. Rele pwovizè swen sante ou si panse Tegaderm ou vin sal, mouye, oswa k ap kale. Yo kapab bezwen chanje

panse Tegaderm ou.

Fè yon enfimyè chanje panse ou

Fè yon enfimyè chanje panse ou:

- Nan lespas 24 èdtan (1 jou) si ou rete nan lopital apre pwosedi ou.
- Nan lespas 48 èdtan (2 jou) si ou tounen lakay apre pwosedi ou epi panse ou se gauz ak tep medikal. Yo pral ranplase l ak yon panse transparan (klè) CHG oswa pa gen CHG.
- Nan lespas 7 jou si tou de sa yo vre:
  - Ou gen yon panse transparan CHG oswa pa gen CHG.
  - Ou wè kote w mete l (kote katetè a antre nan kò ou).

Pandan randevou chanje panse sa yo, enfimyè a pral chanje konektè san zeg ou, kapa dezenfeksyon ou, epi lave katetè ou. Si ou pa kapab vin nan yon sit MSK, enfimyè ou pral ede ou fè lòt plan. Rele pwovizè swen sante ou si ou gen nenpot kesyon.

Fason pou w pran swen kote yo fè ensizyon nan kou ou a

De jou apre pwosedi ou, retire bandaj gauz la sou ti koupe sou kou ou. Ou pa bezwen mete yon nouvo bandaj sou koupe a.

Kite Steri-Strips yo nan plas yo jiskaske yo k ap kale. Sa

kapab dire jiska 1 semèn apre pwosedi ou.

Fason pou w pran swen katetè wouj ou nan kay la

Fè klema lumen yo fèmen lè ou pa itilize katetè wouj ou. Fè katetè ou fè tapi nan tout tan pou evite dechire l.

Pale ak enfimyè ou sou pi bon fason pou fè katetè ou tapi. Ou kapab kole lumen yo sou po ou oswa mete yo nan soutyen ou. Oswa, ou kapab mare yo ak tep medikal epi fixe tep a sou rad ou. Retire pini a lè w ap chanje rad ou pou prevann dechire katetè a.

Pa mete tep sou kote koneksyon an. Kote koneksyon an se kote konektè san zeg konekte ak lumen yo.

Chèche kote sòti ou chak jou pou wè wouj, doule lè w manyen oswa doulè, koule oswa drenaj, anseman, oswa san vini. Rele pwovizè swen sante ou tout de suite si ou gen yon nan siy sa yo oswa semptom sa yo. Sa yo se siy ou kapab gen yon enfeksyon.

Kijan pou reponn si katetè ou ap koule

1. Fè klema katetè ou fèmen pi wo pase kote koule a. Deplase klema blan an sou katetè a pou li pi wo pase kote koule a, si ou kapab. Si ou pa kapab itilize klema blan an, sèvi ak klema san dan nan pakèt swen ou (wè

Figi 3).

2. Netwaye zòn ki koule a ak yon pad alkòl.
3. **Rele biwo doktè ou tout de suite.**



Imaj 3. Yon klema san dan

Kijan pou reponn si panse Tegaderm ou chire, lach, oswa sal

Rele biwo doktè ou tout de suite. Pa retire panse ki chire, lach, oswa sal la. Mete yon nouvo panse Tegaderm ki nan pakèt swen ou sou kote ki chire a.

Kijan pou reponn si panse Tegaderm ou mouye.

Rele biwo doktè ou tout de suite. Pa retire panse Tegaderm mouye a oswa mete yon lòt panse sou li.

Kijan pou reponn si panse Tegaderm ou mouye.

Jete kapa dezinfeksyon ki te tonbe a. Pa remete l nan lumen an.

Pou mete yon nouvo kapa dezinfeksyon:

1. Netwaye men ou ak savon ak dlo oswa yon dezenfektan men ki gen alkòl.
2. Pran yon nouvo kapa dezinfeksyon nan pakèt swen ou. Retire kapa a nan bann lan.
3. Kenbe konektè san zeg la nan yon men. Ak lòt men ou, pouse dousman epi vire nouvo kapa dezinfeksyon an

sou pwint konektè san zeg la.


Kijan pou reponn si konektè san zeg ou tonbe.
Jete konektè san zeg ki te tonbe a. Pa remete l nan lumen an.

Pou mete yon nouvo konektè san zeg:

1. Rasanble tout bagay ou pral bezwen. Ou pral bezwen:
    - 1 pè gan non-stèril
    - 2 pady alkòl
    - 1 nouvo konektè san zeg
    - 1 nouvo kapa dezinfeksyon
2. Netwaye men ou ak savon ak dlo oswa yon dezenfektan men ki gen alkòl. Mete gant yo.
3. Rasanble tout bagay ou pral bezwen.
    - Louvri yon sache pady alkòl, men kite pady a andedan sache a.
    - Louvri sache konektè san zeg la, men kite konektè a andedan sache a.
    - Tire langèt la pou wete kouvè kapa a, men kite kapa a andedan potè plastik li.
4. Louvri lòt sache pady alkòl la. Sèvi ak pady alkòl andedan an, ranmase lumen an ak men ki pa dominan ou (men ou pa ekri ak li). Kenbe l byen pre nan pwint lan (wè

Figi 4).

5. Ranmase lòt pady alkòl louvri a ak men dominan ou (men ou ekri ak li). Frote pwint ouvè lumen an ak pady alkòl pandan 15 segond. Voye pad alkòl ki itilize a jete. Kite lumen an sèk pandan 15 segond. Kontinye kenbe l nan men ki pa dominan ou.
6. Ranmase nouvo konektè san zeg la ak men lib ou. Si li gen kouvè pwoteksyon, wete kouvè a. Ou kapab fè sa sèvi ak zo koud dwèt yo nan lòt men ou. Lè sa a, vire nouvo konektè san zeg la sou pwint lumen an (wè Figi 4). Kontinye kenbe lumen an nan men ki pa dominan ou.



Imaj 4. Vire nouvo konektè san zeg la

7. Ranmase potè plastik la ki gen kapa dezinfeksyon an ak men lib ou. Pouse dousman epi vire kapa dezinfeksyon an sou pwint konektè san zeg la. Kap fikse, retire potè plastik la epi jete l.
8. Retire gant ou. Lave men w.

Rele doktè ou oswa enfimyè apre ou fin chanje konektè san zeg la.

Règ pou douch ak katetè wouj ou tunel

Kenbe po ou pwòp pou diminye risk enfeksyon pandan katetè tunel la ap rete nan plas li.

Pa plonje katetè ou nan dlo, tankou nan yon banyè, pisin oswa lanmè. Gade [bXNrLW5vZGUtbGluazogMk2MzY=***] pou aprann plis sou douch ak katetè tunel ou.

Sèvi ak yon kouvè ki pa pème dlo

Sèvi ak yon kouvè ki pa pème dlo, ki itilizab yon sèl fwa, sou panse ou, tankou Aquaguard®, pou douch pandan katetè a ap rete nan plas li. Pakèt swen ou (pakèt demisyon) gen kouvè ki pa pème dlo. Ou kapab tou achte yo sou entènèt.

Chak fwa ou douch, kouvre panse Tegaderm ou konplèteman ak yon nouvo kouvè ki pa pème dlo pou evite li vin mouye. Pou mete kouvè ki pa pème dlo a:

1. Dechire bann anlè ak bann kote kouvè a.
2. Mete kwen anlè a anlè panse ou. Pa kite rad kouvè a manyen panse Tegaderm ou. Li ka fè panse ou dekole lè ou retire kouvè a apre douch. Lis kouvè a byen sou panse ou.

3. Dechire bann anba a. Sigirè ke kwen anba a nan kouvè ki pa pème dlo a pi ba pase kwen anba a nan panse ou. Sigirè ke lumen yo nan katetè ou yo mete andedan kouvè ki pa pème dlo a epi yo kouvè konplèteman. Lis kwen anba a byen.

Pa douch pou plis pase 15 minit. Sèvi ak dlo tyèd, pa dlo cho. Sa a pral ede anpeche kouvè a pa dekole.

Sèche sifas kouvè a byen anvan ou retire l. Apre douch ou, sèk byen tout sit koneksyon yo.

Sèvi ak yon netwayan po antisepik, tankou Hibiclens ®
Pandan katetè tunel ou ap rete nan plas li, kenbe po ou pwòp pou diminye risk ou genyen pou enfeksyon. Lave ak yon netwayan po antisepik, tankou Hibiclens, chak jou.

Hibiclens se yon netwayan po ki elimine mikwòb pou jiska 24 èdtan apre ou fin sèvi ak li. Li gen yon antisepik ki fò (likid ki itilize pou elimine mikwòb ak bakteri) rele solisyon 4% klorheksidin glukonat (CHG). Douch ak solisyon 4% CHG ap ede diminye risk ou genyen pou enfeksyon.

Solisyon CHG disponib nan fòm likid oswa toelettes netwayaj. Ou kapab achte li nan nenpòt famasi lokal oswa sou entènèt. Lè ou soti nan lopital la, ekip swen ou pral ban ou yon ti boutelye Hibiclens pou ou mennen lakay ou.

Li [bXNrLW5vZGUtbGluazogMkZyNjg=***] pou aprann plis.

Enstriksyon pou sèvi ak Hibiclens likid (solisyon 4% CHG).

1. Lave cheve ou avèk chanpou ak rens ou abitye lave li a. Rense tèt ou byen rense.
2. Lave figi ou ak zòn pati jenital (fant janm) ou avèk savon ou abitye sèvi a. Rense kò ou byen avèk dlo tyèd.
3. Ouvri boutèy pwodui ki gen 4% CHG a. Vide yon tikal nan men ou oswa yon ti sèvyèt twalèt ki pwòp.
4. Retire kò ou anba dlo k ap koule a. Fwote pwodui ki gen 4% CHG a dousman sou kò w soti nan kou w rive nan pye w. Pinga ou mete li nan figi w ni zòn pati jenital ou.
5. Retounen anba dlo k ap koule a pou w rense pwodui a sou kò ou. Itilize dlo tyèd.
6. Seche kò ou avèk yon sèvyèt pwòp.

Pinga ou mete losyon, krèm, deyodoran, makiyaj, poud, pafen, dlo kolòy lè w fin benyen.

Bagay ou dwe sonje lè ou sèvi ak Hibiclens

- Pinga ou sèvi ak okenn savon òdinè, losyon, krèm, poud ni deyodoran san ou pale ak enfimyè ou anvan. Si ou nan lopital, enfimyè ou kapab ba ou yon losyon ou kapab itilize apre ou fin sèvi ak Hibiclens.

- Pinga ou mete Hibiclens sou tèt ou, figi ou, zòrèy ou, je ou, bouch ou, zòn jenital ou, ni sou blesi ki fon. Si ou gen yon blesi epi ou pa sèten si ou dwe itilize Hibiclens sou li, pale ak doktè ou oswa enfimyè ou.
- Pinga ou sèvi ak Hibiclens si ou gen alèji ak klorheksidin.
- Si po ou vin irite oswa ou gen yon reyaksyon alèjik lè ou sèvi ak Hibiclens, sispann sèvi ak li Rele doktè ou.

Lè pou rele pwofesyonèl swen sante ou

Rele pwovizè swen sante ou tout de suite si:

- Ou gen lafyèv ki pi wo pase 100.4°F (38°C) oswa frison.
- Ou gen san koule nan kote sòti katetè ou. Ekip swen ou kapab bezwen chanje panse ou.
- Doulè ou oswa enkòmfòtab ap vin pi mal.
- Katetè ou kraze oswa koule. Ekip swen ou kapab bezwen chanje panse ou epi tcheke kote katetè ou.
- Panse Tegaderm ou vin domaje, lach, sal, oswa mouye. Ekip swen ou pral bezwen chanje panse ou epi tcheke kote katetè ou.
- Ou gen wouj, doulè lè w manyen oswa doulè, koule oswa drenaj, anfleman, oswa san koule nan zòn ki antoure kote sòti katetè ou.
- Konektè san zeg ou tonbe.

- Ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid sou katetè ou.

Si ou gen kesyon oswa enkyetid, kontakte pwofesyonèl swen sante w la. Yo manm nan ekip swen w la ap reponn Lendi rive jiska Vandredi soti 9è A.M rive 5è P.M Lè lè sa yo pase, ou kapab kite yon mesaj oswa pale avèk yon lòt pwofesyonèl swen sante nan MSK. Toujou genyen yon doktè oswa enfimyè ki disponib. Si w pa konnen fason pou w jwenn pwofesyonèl swen sante w la, rele nan 212-639-2000.

Pou w jwenn plis resous, ale sou www.mskcc.org/pe pou w fè rechèch nan bibliyotèk vityèl nou an.